Chinonzi Kubvuma Kwechokwadi

Chinonzi kubvuma kwechokwadi, kubvuma munhu achiziva, achizvidira, uye mese mazvisarudzira kuita zvepabonde. Kubvuma kunogona kuitwa nemashoko kana maitiro, chero bedzi mashoko acho kana maitiro achiratidza zvakajeka kubvuma uye chido chekuita zvepabonde. Kunyarara kana kusaramba, hakusi iko kunoratidza kubvuma. Chinonzi kubvuma hachitsamiri pakuti munhukadzi here kana kuti munhurume, kuti anofarirei panyaya dzebonde, anonzwa sekuti murume kana mukadzi here, uye kuti anoda kuonekwa semunhu rudzii.

Kubvuma maitiro ane chekuita nebonde kana kubvuma kwakamboitwa nezvebonde nechero munhu kana vanhu hazvirevi kuti kubvumwawo kwebonde pachero imwe nguva.

Zvinotodiwa kuti munhu aratidze kubvuma zvebonde pasinei nekuti nyakutanga kuda zvebonde akadhakwa nemadhiragi uye/ kana nedoro.

Munhu anogona kubvuma zvebonde pakutanga asi ozozviramba pachero nguva.

Hapana kubvuma kungaitwe kana munhu asina chaari kugona kuita, izvo zvinoitika kana munhu asisazivi uye asisagoni kusarudza kuti oita zvebonde here kana kwete. Kusagona kuita chero chii uku kunogona kukonzerwa nekufenda kana kurara, kuita zvekusungwa, kana kutadziswa nechero chii zvacho. Zvichitsamira pakuti munhu adhakwa zvakadini, munhu anenge adhakwa nedoro, madhiragi, kana zvimwe zvinodhaka anotadza kuita zvimwe zvinhu saka haagoni kunzi abvuma.

Hapana kubvuma kunenge kwaitwa kana paitwa zvekumanikidza, kutyisidzira, zvechisimba, kana zvekuvimbisa kukuvadza munhu.

Kana munhu akachinja mwoyo nezvekubvuma kwaanga aita kana kuti zvisisaiti kuti arambe achibvuma, zvebonde zvinofanira kubva zvaregwa.

Kuregererwa Pamhosva Dzekutadza Kuzvibata Zvichibva Pakushandiswa Kwemadhiragi Uye Doro

Chinonyanya kukosha pamudzidzi wepa Rockland Community College ndihwo utano uye kuchengetedzeka kwake. RCC inonzwisisa kuti vadzidzi vanenge vanwa uye/kana vashandisa madhiragi (nekuzvidira kana kuti vasingadi) vanogona kuzeza kumhan'ara nyaya dzechisimba, kusanganisira kushungurudzwa mudzimba nezvimwewo, kuitirwa chisimba pakufambidzana, munhu anoramba achingokutevera, kana kushungurudzwa nezvebonde vachityira kuti zvingazovaipira pamusana pezvavange vachiita. RCC inokurudzira zvakasimba vadzidzi kuti vamhan'are kuvakuru-vakuru vechikoro nezvekushungurudzwa mudzimba, kuitirwa chisimba pakufambidzana, munhu anoramba achingokutevera, kana kushungurudzwa nezvebonde. Munhu ane mwoyochena anenge aona izvi zvichiitika kana anobva amhan'ara chero zvine chekuita nekushungurudzwa mudzimba, kuitirwa zvechisimba pakufambidzana, munhu anoramba achingokutevera, kana kushungurudzwa nezvebonde kuvakuru-vakuru ve RCC kana kuvanoona nezvekuchengetedzwa kwemitemo haazopomerwi mhosva dzekutyora mirau yebumbiro rekuzvibata re RCC’s nezvekushandisa doro uye/kana madhiragi zvaanenge aita panguva kana panguva iri pedyo neyekuparwa kwemhosva yekushungurudzwa mudzimba, kuitirwa chisimba pakufambidzana, munhu anoramba achingokutevera, kana kushungurudzwa nezvebonde.

Gwaro Rekodzero Dzemudzidzi

Vadzidzi vese vane kodzero ye:

Kumhan'ara kuvanoona nezvekuchengetedzwa kwemutemo vemunharaunda uye/kana kumapurisa enyika;

Kubudisa pachena zvine chekuita nekushungurudzwa mudzimba, kuitirwa chisimba pakufambidzana, munhu anoramba achingokutevera, uye kushungurudzwa nezvebonde, nyaya yacho yobva yabatwa zvakadzama;

Kusarudza kana achida kubudisa pachena nezvekuparwa kwemhosva kana kutyorwa kwemutemo uye ova nezvaanoita mukutongwa kwenyaya yacho kana muzvinofanira kuitwa nezvayo uye/kana muzvinoitwa nedare remhosva asingaiti zvekumanikidzwa nechikoro;

Kubatwa zvisina rusaruro, zvisina divi riri kutsigirwa, uye pova nenguva ine musoro yekuziviswa zvichaitika uye yekunzwiwa;

Kubatwa nechikoro zvine rukudzo uye kurapiwa zvine rukudzo kana kupiwa mazano kana paine mukana wekudaro, zvisina rusaruro, uye zvinoremekedzeka;

Kunzwa vasina kana kakutyira kekuti pakumhan'ara kwavaita mhosva dzaparwa kana kutyorwa kwaitwa mutemo, pane zvavakanganisawo ivo uye pane zvavaifanira kunge vaita kuti mhosva dzacho kana kutyorwa kwemutemo kusaitike;

Kutsanangura zvinenge zvaitika kuvashomanene vevamiririri vechikoro sezvinodiwa asi kwete kuzoramba vachidzokorodzeswa nyaya yacho zvisina basa.

Kuchengetedzwa nechikoro kuti vasatsividzwe, nechero mudzidzi, ari kupomerwa uye/kana muridzi wenyaya, uye/kana shamwari yake, mhuri yake uye vaanozivana navo vanenge vari munharaunda inotarisirwa nechikoro;

Kuwana mukana mumwe chete kana kudarika yekukwidza nyaya yavo kuti inzwiwe zvakare;

Kuperekedzwa nachipangamazano wavanozvisarudzira uyo anogona kuvabatsira kana kuvapa mazano nezvekumhan'ara mhosva, kumhan'arira ari kupomerwa, kana muridzi wenyaya panguva yese ine chekuita nedare kana yezvinoitwa kana paparwa mhosva kusanganisira misangano yese uye kunzwiwa kwenyaya zvinenge zviine chekuita nenyaya yacho yese;

Kuita kodzero dzavo sevagari vemunyika uye kodzero dzekunamata pasina kuvhiringidzwa nekuferefetwa, nenyaya dzematare, kana maitiro ane chekuita nekutongwa kana kuongororwa kwenyaya zvinenge zvichiitwa nechikoro.

Kodzero dzinoshanda pasinei nerudzi rwemudzidzi, ruvara, nyika kwaanobva, chitendero, manamatiro, zera, urema, kuva munhukadzi kana munhurume, anonzwa sekuti murume kana mukadzi here uye anoda kuonekwa semunhu rudzii, anofarirei panyaya dzebonde, ane vana vari pasi pemakore 18, nhumbu, ane urema hwakatoredzerwa pavabereki, ari padanho ripi mune zvechiuto, anoshungurudzwa zvakadini mumba, ane mhosva dzaari kupomerwa pasinei nekuti mhosva yacho yakaparirwa kana kuti mutemo wacho wakatyorerwa pachikoro, kunze kwechikoro, kana kuti paaidzidza kune imwe nyika.

Une kodzero yekumhan'ara kuMapurisa eYunivhesiti kana Vanochengetedza Mitemo Vepachikoro, vanochengetedza mitemo vemunharaunda, uye/kana Mapurisa Enyika kana yekusarudza kusamhan'ara; yekumhan'ara kuchikoro chako; yekuchengetedzwa nechikoro kuti usatsividzwe pamusana pekumhan'ara nyaya kwawaita; uye yekuwana rubatsiro kubva kuchikoro uye yekuwana zvinhu zvekushandisa zvinodiwa.